

8YÈM ANE

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

POU REPONS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

2-3 JEN 2004

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan ti liv sa a; Twazyèm Pati a nan Dezyèm Liv a.

Premye Pati a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas ki la pou sa nan tiliv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn **tout** kesyon ki nan Premye Liv la.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Premye Pati

ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1–4. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

Li egzanzp ki la a.

Egzanzp

Ki vil ki kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Washington, D.C.
- (3) New York City
- (4) Philadelphia

Repons kòrèk la se **Washington, D.C.**, ki se repons nimewo **2**. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanzp lan. Kòm se chwa nimewo **2** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanzp lan, se ti sèk ki gen nimewo **2** a ki nwasi.

Reponn tout kesyon ki nan Premye Pati egzamen an menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Si ou pa konn repons kèk nan kesyon yo, fè sa w kapab pou w reponn chak kesyon.


Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a.

Premye Pati

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Esplikasyon (1–45): Pou chak deklarasyon oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo oubyen espresyon ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

Baze repons ou pou kesyon 1 sou foto ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: F. Daniel Larkin et al., *New York Yesterday and Today*, Silver Burdett and Ginn

1 Nan ki rejyon nan Amerik Dinò Endyen Ameriken Natifnatal yo montre nan foto sa a te rete?

- (1) dezè nan sidwès yo
- (2) rakbwa nan zòn ès yo
- (3) Gran Plenn
- (4) Gulf Coast


2 Premye esploratè Ewopeyen ki te vin nan Nouvo Monn lan tap chèche yon pasaj nan zòn nòdwès la pou yo te ka

- (1) pwouve latè tou won
- (2) fè komès ak Endyen Ameriken Natifnatal yo vin pi bon
- (3) explore Gran Lak yo
- (4) jwenn yon wout ki pi kout pou ale nan Azi

3 Kisa ki te rezon prensipal lanmò pami Endyen Ameriken Natifnatal yo apre yo te fin gen kontak ak esploratè Panyòl yo?

- | | |
|--------------|-------------|
| (1) depasman | (3) maladi |
| (2) esklavaj | (4) grangou |

Baze repons ou pou kesyon 4 ak 5 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Alice Hanson Jones, *Wealth of a Nation to Be*, Columbia University Press (adapte)

4 Bwa, pwason sèch, ak wonm prensipalman se te pwodwi

- (1) Eta New England yo
- (2) Eta nan mitan Atlantik yo
- (3) Eta nan sid yo
- (4) Teritwa Nòdwès yo

5 Rezon prensipal ki fè te gen yon varyete pwodwi nan diferan rejyon nan peyi a se diferans ki te genyen nan

- (1) fason fanmi yo konpoze ak edikasyon
- (2) jeyografi ak klima
- (3) sistèm politik ak sosyal
- (4) orijin nasyonal ak kilti


6 Etid sou ekonomi konsantre sou

- (1) pwodiksyon, distribisyon ak konsomasyon pwodwi epi sèvis
- (2) Latè ak relasyon li ak anviwonman nou an
- (3) diferan kalite gouvènman yo ak kouman yo fonksyone
- (4) ansyen kilti pèp diferan

7 Teyori ki pi aksepte tou patou sou premye moun ki te imigre nan Amerik yo fè konnen se paske moun

- (1) te travèse glas polè a soti depi Nòvèj pou ale nan zòn Nò nan Kanada
- (2) te mache sou yon moso tè ki te soti depi nan Azi pou ale jis nan Alaska
- (3) te itilize bato ki pase sou lanmè pou navige soti depi nan Afrik pou ale nan Amerik Santral
- (4) te vwayaje nan kannòt ak nan ti bato piti soti depi nan Il Pasifik pou ale nan Amerik Disid

Baze repons ou pou kesyon 8 sou ilustrasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Rantre tou, oubyen Mouri.

Sous: Benjamin Franklin, *The Pennsylvania Gazette*, 9 mai 1754, (adapte)

8 Ki pawòl ki fè konnen lide prensipal ilustrasyon sa a, ki te pibliye pandan ane 1750 yo pi byen?

- (1) Koloni ki pa mete tèt yo ansanm pa fidèl.
- (2) Koloni pa ka siviv si yo pat mete tèt yo ansanm.
- (3) Chak koloni dwe kenbe endepandans pa li.
- (4) Yap atake nenpòt ki koloni ki pa mete tèt li ansanm ak lòt yo.

9 Poukisa pifò kiltivatè epòk kolonyal yo te rete tou pre oseyan oswa tou pre kote ki gen dlo bò lakòt?

- (1) Pat gen anpil Endyen Ameriken Natifnatal ki te rete la.
- (2) Gouvènman lokal yo te peye kiltivatè yo pou yo te fè sa.
- (3) Te gen mwens pwoblèm pou retire pyebwa ak wòch.
- (4) Li te pi fasil pou transpòte pwodwi yo.

10 Kisa ki te yon konsekans Lagè Franse ak Endyen an epi ki te dirèkteman lakòz Revolisyon Ameriken an?

- (1) Angle yo te pèdi pifò koloni yo te genyen nan Amerik yo.
- (2) Koloni franse yo te etann yo pi plis nan zòn ki sou kote wès Apalach yo.
- (3) Yo te bay Endyen Ameriken Natifnatal yo tè ki nan zòn ki sou kote wès Apalach yo.
- (4) Angletè te deside pou li fè kolon Ameriken yo ede peye dèt lagè yo.

11 Kwayans ki fè konnen koloni egziste pou benefis ekonomi lamè patri a, yo rele li

- (1) komès triyangilè
- (2) mèkantilis
- (3) komès lib
- (4) nativis

12 Ki dokiman ki yon sous prensipal sou Revolisyon Ameriken an?

- (1) yon kasèt videyo ki montre kouman yon batay te fèt
- (2) yon jounal kote yon sòlda Kontinental ekri evenman yo
- (3) yon liv syans sosyal
- (4) yon atik yon pwofesè istwa ekri epi ki pibliye

Baze repons ou pou kesyon 13 la sou deba ant *Oratè A* ak *Oratè B* ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Deba sou Ratifikasyon Konstitisyon Etazini an

- Oratè A:* “Libète nou depann de dwa yo garanti chak moun. Sitwayen ki gen dwa sa yo ap ka pran desizyon pou byen tout nasyon an.”
- Oratè B:* “Mwen admire optimis ou; men, se sèlman yon gwoup otorite ki eli epi ki byen enstwi yo dwe fè konfyans pou pran desizyon pou byen tout moun.”
- Oratè A:* “Nou pa dwe pèmèt prensip yon ti gwoup otorite privilejye kraze volonte sitwayen regilye yo.”
- Oratè B:* “Yon gouvènman santral ki byen fèm, ki fèt ak otorite ki eli, pral travay nan pi bon enterè tout sitwayen.”
- Oratè A:* “Mwen gen enpresyon wap inyore bezwen pèp la. Yo fèt pou bay yon garanti pou yon gouvènman nasyonal ki byen fèm pa mete pye li sou libète sitwayen yo.”

13 Nan deba ant *Oratè A* ak *Oratè B* a *Oratè A* ta pi plis dakò pou lidè peyi yo ta

- (1) etabli yon monachi
- (2) ajoute yon deklarasyon dwa nan Konstitisyon an
- (3) ogmante pouvwa gouvènman federal la
- (4) bay moun ki gen tè yo sèlman dwa pou yo vote

14 Delege Konvansyon Konstitisyonèl 1787 yo te ekri yon nouvo konstitisyon paske

- (1) Lagè Revolisyonè a te fini
- (2) Atik Konfederasyon yo te prèt pou ekspire
- (3) yo te vle ogmante pouvwa Eta yo
- (4) yo te kwè yon gouvènman santral ki pi fèm te nesèsè

15 Anpil nan kolon ki te nan trèz koloni orijinal yo te sibi diskriminasyon relijye nan Ewòp. Sitiyasyon sa a te enfliyanse otè Konstitisyon Etazini yo pou yo etabli

- (1) separasyon legliz ak leta
- (2) dwa pou pote zam
- (3) libète pou prezante demann devan gouvènman an
- (4) libète pou pinisyon kriyèl epi ki pa nòminal

16 • Prezidan an nonmen nouvo manm nan Tribinal Siprèm.

- Sena a dwe apwouve nominasyon prezidansyèl la pou Tribinal Siprèm nan.
- Tribinal Siprèm ka deklare lalwa Kongrè a fè yo antikonstitisyonèl.

Ki prensip konstitisyonèl pawòl sa yo ilistre?


- (1) fleksibilite
- (2) federalis
- (3) verifikasyon ak ekilib
- (4) sipremasi federal

17 Eli Whitney ak Samuel Slater te enpòtan nan premye Revolisyon Endistriyèl nan Etazini an paske yo te

- (1) devlope nouvo metòd pou fabrikasyon
- (2) envante nouvo mwayen traspò
- (3) konstwi machin ki travay ak vapè
- (4) fè amelyorasyon nan teknik pou pwodiksyon asye

Baze repons ou pou kesyon 18 ak 19 sou tablo ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Ane 1860: Yon Konparezon



Sous: Melvin Schwartz ak John R. O'Connor,
Exploring American History,
 Globe Book Co. (adapte)

18 Nan kòmansman Gè Sivil la, Sid la te gen yon avantaj sou Nò a nan


- (1) fon nan bank
- (2) valè tè pou agrikilti
- (3) sipèfisi tè pou agrikilti
- (4) mileyaj chemennfè

19 Ki konklizyon sou Gè Sivil la enfòmasyon ki sou tablo a sipòte pi byen?

- (1) Yo te atann pou Nò a genyen lagè a byen vit.
- (2) Sid la tap gen avantaj nan yon lagè ki long.
- (3) Sid la tap gen yon fòs ki pi gwo epi ki pi byen ekipe pou goumen.
- (4) Nò a ak Sid la te prepare nan menm pwen pou lagè a.

Baze repons ou pou kesyon 20 ak 21 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Eleksyon 1860



Sous: Herman J. Viola, *Why We Remember*, Addison–Wesley Publishing (adapte)

20 Nan eleksyon 1860 lan, ki zòn nan peyi a ki te sipòte John C. Breckinridge?

- (1) Nò
- (2) Sid
- (3) Ès
- (4) Wès

21 Ki lide rezilta eleksyon yo montre sou kat jeyografik sa a ilistre pi byen?

- (1) federalis
- (2) nasyonalis
- (3) pwoteksyonis
- (4) seksyonalis

22 Desizyon Tribinal Siprèm te pran nan *Marbury* kont *Madison* (1803), te etabli prensip

- (1) revizyon jidisyè
- (2) separasyon pouvwa
- (3) habeas corpus
- (4) anilasyon

23 The Trail of Tears (*Pis Separasyon an*) se te rezilta efò Prezidan Andrew Jackson pou

- (1) retire Endyen Ameriken Natifnatal nan tout tè ki nan zòn ès Rivyè Misisipi a
- (2) aprann Endyen Ameriken Natifnatal yo kouman Ameriken viv
- (3) remèt Endyen Ameriken Natifnatal tè tribi yo
- (4) pèmèt tribi natifnatal yo gouvènèn tè yo nan limit Eta yo etabli a

24 Yon trè karakteristik sistèm ekonomi lib la genyen an patikilye se

- (1) gouvènman an ki posede pifò konpayi yo
- (2) règleman sevè gouvènman mete sou biznis
- (3) dwa pwopriyete patikilye ki genyen sou mwayen pwodiksyon
- (4) gouvènman an ki etabli salè ak pri

25 Kiyès nan tit sa yo ki konplete moso gran liy ki pi ba la a pi byen?

- I. _____
- A. Travayè gen difikilte
 - B. Yo devlope refòm ouvriyè
 - C. Vilaj ak vil grandi
 - D. Yo fonde gwo konpayi

- (1) Gouvènman an Mete Fen nan Règleman sou Biznis
- (2) Mouvman Pwogresis Chanje Lavi Moun nan Etazini
- (3) Sitwayen Ameriken Gen Responsablite Nouvo
- (4) Etazini Tounen yon Peyi Endistriyèl

Baze repons ou pou kesyon 26 ak 27 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Melvin Schwartz ak John R. O'Connor, *Exploring American History*, Globe Book Co. (adapte)

26 Sitiyasyon yo montre nan ilustrasyon an demontre operasyon

- (1) Pwoklamasyon Emansipasyon
- (2) taks pou vote nan eleksyon
- (3) kòd esklavaj
- (4) Lalwa Jim Crow

27 Ki mo ki dekri prensip yo montre nan ilustrasyon sa a pi byen?

- (1) popilis
- (2) sosyalis
- (3) entegrasyon
- (4) segregasyon

28 Nan peryòd ki ant 1890 ak 1910 la, pifò imigran ki soti nan Ewòp Delès ak Disid te etabli yo nan gran vil nan zòn ès nan Etazini prensipalman poutèt

- (1) tè agrikòl te vin ra anpil
- (2) te gen travay nan endistri pou travayè ki san kalifikasyon
- (3) gen mwens diskriminasyon nan vil sa yo
- (4) yo te soti prensipalman nan gwo vil nan peyi lakay yo

29 Nan fen ane 1800 yo, peyi nan zòn wès yo te grave enfliyans yo nan kèk zòn nan Lachin pou yo te ka

- (1) sipòte enterè biznis Chinwa yo
- (2) gen privilèj espesyal nan komès
- (3) pwoteje diplomat yo kont atak etranje
- (4) limite imigrasyon Chinwa nan peyi yo

30 Ki aksyon nan peyi etranje ki demontre pi byen kouman yo te itilize politik etranje Gwo Baton Theodore Roosevelt la?

- (1) acha Alaska nan men Larisi
- (2) deklarasyon lagè kont Almay an 1917
- (3) lè yo te pran Il Awayen yo
- (4) sipò pou revòt Panameyen an

31 Moun ki te ekri epi ki te pibliye eskandal yo, fòmasyon Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Nwa (NAACP), ak travay Susan B. Anthony, tout sa te demontre

- (1) nesesite ki genyen pou refòm sosyal
- (2) volonte pou gen plis lekòl piblik
- (3) pouvwa gouvènman santral la
- (4) enpòtans lalwa sou imigrasyon

32 An 1914, konfli lokal nan Ewòp yo te ogmante rapidman pou yo tounen yon gè mondyal paske

- (1) plizyè peyi te gen koloni nan rejyon an
- (2) Ewòp Sidès te yon zòn ki te pwodwi anpil lwil
- (3) peyi ki pwisan yo te gen alyans opoze
- (4) Lig Nasyon yo pat gen siksè nan efò yo tap fè pou siyen yon akò pou sispann goumen

33 Objektif prensipal sistèm kwota lwa sou imigrasyon nan ane 1920 yo te etabli a se te pou

- (1) anpeche imigrasyon ilegal
- (2) redwi kantite imigran ki soti nan kèk peyi
- (3) ankouraje imigrasyon moun ki rich ak moun ki enstwi
- (4) pèmèt moun yo te konn defann antre oparavan yo imigre

Baze repons ou pou kesyon 34 sou powèm ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Rèv

Kenbe rèv yo fèm
Paske si yo mouri
Lavi se yon zwazo zèl kase
Ki pa ka vole.

Kenbe rèv yo fèm
Paske lè rèv yo ale
Lavi se yon chan ki pa pwodwi
Ki jele ak lanèj.

— Langston Hughes

34 Powèm sa a te ekri pandan Renesans Harlem nan, epi entansyon li se te san dout pou ankouraje Ameriken Nwa

- (1) soti nan esklavaj
- (2) aksepte segregasyon rasyal
- (3) reflechi sou lavni
- (4) debouye yo ak Gran Depresyon an

35 Yon rezon prensipal katastwòf mache bous la an 1929 se te

- (1) achte aksyon an maj
- (2) itilize sètifika aksyon kòm lajan
- (3) restriksyon sou prete lajan labank
- (4) entèdiksyon acha pa vèsman

36 Ki pwogram Nouvo Kontra a ki egziste toujou jodi a?

- (1) Administrasyon Pwogrè Travay
- (2) Administrasyon Èd Federal nan Kadijans
- (3) Branch Sèvis Konsèvasyon Sivil
- (4) Administrasyon Sekirite Sosyal

37 Apre Dezyèm Gè Mondyal la, yon konsekans pwosè pou krim pandan lagè Nuremberg la se te

- (1) yo te rann moun responsab pou zak yo pandan lagè a
- (2) yo te fòse peyi yo peye pou domaj lagè te koze yo
- (3) yo te deklare lidè sou toude bò lagè a koupab
- (4) yo te akize lidè militè yo sèlman pou krim yo

Baze repons ou pou kesyon 38 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

“Ann Chèche yon Kadna pou Bagay Sa a”



Sous: Herblock, *Washington Post*, 1 novèm 1962 (adapte)

38 Desen sa a te pibliye yon ti tan apre

- (1) Lagè Koreyen an
- (2) Lagè Vyetnam nan
- (3) Operasyon pou transpò ayeryen Bèlen an
- (4) Kriz misil Kiben an

39 Ki rezon anpil Ameriken te bay ki fè yo te pwoteste kont patisipasyon Etazini nan Lagè Vyetnam nan?

- (1) Gouvènman Vyetnam Disid lan pat vle Etazini nan lagè a.
- (2) Kominis yo pat janm yon menas pou Vyetnam Disid.
- (3) Nasyonzini te mande Etazini pou li pat mele nan lagè a.
- (4) Se te yon lagè sivil, epi Etazini pat dwe mele.

Baze repons ou pou kesyon 40 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Thomas Engelhardt, *St. Louis Post-Dispatch* (adapte)

40 Ki pawòl ki reprezante pi byen lide prensipal desen sa a?

- (1) Yon kou nan ekonomi enpòtan pou jwenn travay.
- (2) Bon travay gen yon koneksyon dirèk ak edikasyon.
- (3) Pifò travayè kalifye se moun ki te kite lekòl.
- (4) Klas ki gen mwens elèv ekonomize lajan taks.

41 Ki metòd Martin Luther King, Jr. te utilize pou pwoteste kont enjistis sosyal?

- (1) fòmasyon Greenpeace
- (2) dezobeyisans sivil
- (3) rebelyon ak zam
- (4) sipò pou yon nouvo pati politik

42 Ki de (2) peyi ki te alye ak Etazini pandan Dezyèm Gè Mondyal la epi ki vin enmi Etazini pita pandan Gè Fwad la?

- (1) Angletè ak Itali
- (2) Kore ak Japon
- (3) Frans ak Almay
- (4) Lachin ak Inyon Sovyetik

43 Kanpay papye a, rasyonman manje ak gazolin, ak jaden vikwa yo tout se eleman

- (1) kwasans nan endistri nan fen ane 1800 yo
- (2) sipò pou Dezyèm Gè Mondyal nan peyi a
- (3) kwasans ekonomik apre Lagè Sivil
- (4) pwogram pou èd dapre Nouvo Akò a

44 Ki liv ki te gen yon efè dirèk sou atitud moun nan Nò yo anvwè esklavaj?

- (1) *Common Sense* (*Bon Sans*)
- (2) *Poor Richard's Almanac* (*Almanak Pòv Richa a*)
- (3) *Silent Spring* (*Prentan Silansye*)
- (4) *Uncle Tom's Cabin* (*Ti Kay Tonton Tom lan*)

45 “. . . Map tounen!”

“. . . yon dat ki pral viv nan avilisman . . .”
“Sonje Pearl Harbor!”

Ak ki lagè sitasyon sa yo asosye pi plis?

- (1) Lagè Revolisyonè
- (2) Lagè Sivil
- (3) Dezyèm Gè Mondyal
- (4) Lagè Koreyen

KONTINYE NAN PAJ APRE A. ➡


FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Dezyèm Pati

Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan espas ki genyen nan liv egzamen sa a.

Esplikasyon: Baze repons ou pou kesyon 1 a 3 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Melvin Schwartz ak John R. O'Connor, *Exploring American History*, 2nd edition, Globe Book Company, Inc. (adapte)

1 De ki konfli nan istwa Etazini yo pale nan desen sa a? [1]

Nòt


2 Ki gwoup mesye ki pi gwo a reprezante nan desen an? [1]

Nòt

3 Ki gwoup mesye ki gen fistibal la reprezante? [1]

Nòt

Baze repons ou pou kesyon 4 a 6 sou kat jeyografik ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *Historical Maps on File*, 2002 Facts on File, Inc. (adapte)

4 Kouman yo rele zòn Prezidan Thomas Jefferson te achte pou Etazini yo sou kat la? [1]

Nòt

5 Idantifye **yon** jan Etazini te jwenn tè Larisi, Angletè oswa Espay te reklame yo. [1]

Nòt

6 Di **yon** Eta ki sou kote Gòlf Meksik la yo te fini pa fòme ak tè Espay te posede nan yon epòk. [1]

Nòt

Baze repons ou pou kesyon 7 ak 8 sou desen ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



**Eseye Kouraj Nou Mesye!
Tank Ou Frape Pi Di, Tank Li Ale Pi Wo**

Sous: Puck, 12 mai 1909 (adapte)

<p>7 Di non de (2) gwoup desen an reprezante. [2]</p>	<p>8 Di yon jan “tarif” la te afekte chak nan de (2) gwoup yo idantifye nan kesyon 7 la. [2]</p>
<p>Gwoup 1 _____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p style="text-align: right;">Nòt <input type="checkbox"/></p>	<p>Gwoup 1 _____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p style="text-align: right;">Nòt <input type="checkbox"/></p>
<p>Gwoup 2 _____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p style="text-align: right;">Nòt <input type="checkbox"/></p>	<p>Gwoup 2 _____</p> <p>_____</p> <p>_____</p> <p style="text-align: right;">Nòt <input type="checkbox"/></p>

Baze repons ou pou kesyon 9 ak 10 sou avi ki nan jounal ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

AVÈTISMAN!

Nap fè VWAYAJÈ, ki gen entansyon anbake nan vwayaj sou Atlantik la, sonje gen yon eta lagè ki egziste ant Almay ak alye li yo ak Grann Bretay ak alye li yo; nan zòn lagè a nou konte dlo ki kole ak il Britanik yo tou; epi dapre avètisman ofisyèl Gouvènman Enperyal Alman an, bato ki gen drapo Grann Bretay kap flote sou yo oswa nenpòt nan alye li yo, gen chans pou yo detwi yo sou dlo sa yo epi vwayajè kap navige nan zòn lagè sou bato Grann Bretay ak alye li yo ap fè sa sou pwòp risk pa yo.

ANBASAD ALMAY ENPERYAL

Washington, D.C., 22 avril 1915.

Sous: *New York Times*, 1 mai, 1915

9 Bato ki peyi avètisman sou jounal sa a te menase? [1]

Nòt

10 Ki objektif avètisman sou jounal sa a te genyen? [1]

Nòt

FOR TEACHER USE ONLY

Part II Score _____

